Yàlla nee na: yaw doomu Aadama ji joxeel ma jox la

Jële nañu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «Yàlla nee na: yaw doomu Aadama ji joxeel ma jox la».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dañuy xamal ne Yàlla mu kawe mi dafa wax ne: yaw doomu Aadama ji joxeel -dund gila war ak giñu sopp- ma yaatalal la jox la lu ko wuutu te barkeelal la ko.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/5805